

EdData II Snapshot of School Management Septam 2012 Entèvyou Pwofesè

FÒMILÈ KONSANTMAN PWOFESE A

Bonjour, mwen rele _____. N ap travay ak Ministè Edikasyon an pou mennen yon ankèt pou evalye jan yo jere ak fè kou nan kèk lekòl an Ayiti.

Objektif ankèt sa se gade kouman yo abitye fè kou ak jere lekòl yo epi evalye ki kalte sipò biwo rejyonal la ak kominote local la bay lekòl yo.

Yo p ap ekri non ou nan fòmilè sa, ni yo p ap site l okenn kote nan done ankèt la. Rezilta ankèt sa apibliye sou fòm yon tablo ki genyen tout done yo ranmanse yo mele. Enfòmasyon nou jwenn nan ankèt la, n ap pataje l ak Ministè Edikasyon an nan lespwa ke n ap idantifye kèk aspè ki bezwen plis sipò.

Yo chwazi lekòl sa nan yon echantyon atravè yon pwosesis statistik. Patisipasyon ou enpòtan anpil, men ou pa oblije patisipe si ou pa vle.

Si ou dakò pou patisipe, m ap poze ou kèk kesyon sou aktivite nòmal ou nan lekòl la, ak rapò ou genyen ak kòlèg ou yo, direktè a, staf Ministè a, elèv yo ak paran yo. Youn nan kòlèg mwen yo ap obsève youn nan kou lekti w yo. Menm kòlèg sa ta renmen obsève ki resous fizik ou genyen nan klas ou epi konte konbyen timoun ki la jodi a. Avèk èd ou, mwen ta renmen jwenn kèk elèv nou t ap pran pa aza nan klas ou a pou mwen fè entèvyou epi evalye kapasite yo nan lekti, menm jan ak elèv nan lòt klas yo. Nan entèvyou elèv yo, yo pral poze yo kèk kesyon sou aktivite lekòl nòmal yo konn fè lakay yo oswa lekòl la, lang yo sèvi, lekti yo fè lakay yo ak avantaj posede liv lakay. Kesyon m ap poze w yo ap dire vè 30 minit. Entèvyou ak evalyasyon chak elèv ap dire pou pi plis 1h. Elèv ki seleksyone yo ap reponn kesyon nou yo sèlman si yo dakò pou fè sa.

Nou pa kwè gen okenn risk pou ou si ou patisipe nan rechèch sa.

Ou p ap jwenn okenn pwofi pèsònèl si ou patisipe nan entèvyou sa. Men Ministè edikasyon an pral sèvi ak repons ou yo pou ede l prepare aktivite epi ede nan amelyore edikasyon an Ayiti.

Si ou gen nepòt ki kesyon sou ankèt sa, ou met alèz pou rele Marie Ermise Charles nan nimewo sa (4397-4557).

Eske ou vle patisipe? Yon lòt fwa ankò, ou pa oblije patisipe si ou pa anvi. Depi nou kòmanse, si ou pa ta vle reponn yon kesyon, ou gen dwa pa reponn.

Eske nou mèt kòmanse?

Pwofesè a dakò pou patisipe WI NON